


Dis Bagay Pou Konsidere Lè W ap Planifye yon Akouchman Vajinal Apre yon Sezaryèn


Yon akouchman vajinal apre yon sezaryèn (Vaginal Birth After Cesarean, VBAC) vle di akouchman yon ti bebe pa akouchman vajinal aprè yon premye akouchman ki te fèt pa sezaryèn. VBAC yo posib epi yo gen avantaj parapò ak yon lòt akouchman pa sezaryèn, tankou yon tan rekiperasyon pi rapid epi ki san risk ak komplikasyon potansyèl ki asosye ak operasyon.¹

Si w ap planifye pou w fè plis timoun epi ou vle fè yon akouchman vajinal, ou gen dwa konsidere yon VBAC avèk yon pwofesyonèl swen sante (obstetrisyen-jinekòlòg oswa fanmsaj). Kontinye li pou w aprann sou kèk ide pou w kenbe nan lespri w pou w fè yon chwa enfòmè:


1. Mande lopital kote ou te akouche anvan pou yo ba ou rapò sou operasyon sezaryèn ou te fè a pou w bay pwofesyonèl swen sante w la. Li dekri ki pwosedi yo te fè ak sikatris ou ka genyen an. Kenbe yon kopi pou tèt ou.
2. Pi bon kandida pou yon VBAC se moun ki deja gen yon ensizyon transvèsal nan pati anba matris la¹ (yon mak orizontal atravè pati anba matris la) epi ki gen gwosès nan entèval omwen 18 mwa a dezan.²
3. Moun ki gen sikatris vètikal nan pati anba (sikatis ki monte-desann) kandida tou pou yon VBAC, men risk pou matris la chire (yon dechiri nan pawa matris la pandan tranche oswa akouchman) pi wo pase pou moun ki gen sikatris transvèsal ki nan pati anba.²
4. Yo **pa** rekòmande VBAC pou moun ki gen sikatris vètikal nan pati anwo oswa ki gen sikatris klasik (sikatis sou pati anwo matris la), sikatis an fòm T, oswa sikatis ki gen ekstansyon.¹



Ensizyon transvèsal anba
(rekòmande)



Ensizyon vètikal anba
(rekòmande)



Ensizyon klasik
(pa rekòmande)

5. Konfime si pwofesyonèl swen sante aktyèl ou a ap ankouraje w pou w fè yon VBAC.
6. Pale ak pwofesyonèl swen sante aktyèl ou a pou w konnen si l ap asiste akouchman w lan pèsònèlman epi si lòt pwofesyonèl swen sante li travay avèk yo a ap ankouraje pou w fè yon VBAC.
7. Planifye pou akouche nan yon klinik oswa nan yon lopital ki byen ekipe pou VBAC. Mande klinik la oswa lopital kote w ap resevwa swen kounye a pou yo ba ou done estatistik yo ak pousantaj siksè yo genyen nan fè akouchman vajinal **epi** fè rechèch tou oumenm sou **profiles.health.ny.gov/hospital/pages/maternity**.
 - Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekòlòg (American College of Obstetricians and Gynecologists), Kolèj Ameriken pou Enfimyè-Fanmsaj (American College of Nurse-Midwives), Asosyasyon pou Sante Fanm, Enfimyè Obstetrik ak Neyonatal (Association of Women's Health, Obstetric and Neonatal Nurses), oswa Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics) **pa** rekòmande VBAC ki fèt adomisil oswa nan yon sant matènite.³
8. Mande pwofesyonèl swen sante ki nan klinik oswa lopital la si yo dispoze pwovoke tranche w la si sa nesèsè pou yon VBAC reyisi.
9. Atravè yon priz desizyon kolektif ak konsantman enfòmè, detèmine opsyon ki pi an sekirite e ki pi bon pou ou menm ak ti bebe w la. **Sonje byen:** Se dwa w pou w chanje pwofesyonèl swen sante oswa lopital nenpòt kilè.
10. Ou dwe konnen ke ou ka chanje lide w epi mande pou fè yon nouvo sezaryèn nenpòt kilè pandan gwosès ou oswa lè ou gen tranche.



Si yo jije yon VBAC san danje pou ou, kontinye pale ak obstetrisyen-jinekòlòg ou a oswa fanmsaj ou a pandan gwosès ou a.

Pou aprann plis, vizite [ican-online.org/faqs-about-vbac/](https://www.ican-online.org/faqs-about-vbac/) oswa eskane kòd QR la.

1. Bilten Pratik ACOG No 205: akouchman vajinal apre akouchman pa sezaryèn. *Obstet Gynecol.* Fevriye 2019;133(2):e110-e127. doi:10.1097/AOG.0000000000003078

2. VBAC: konnen avantaj ak risk yo. Mayo Clinic. 14 mas 2025. Aksede nan dat 28 avril 2025. <https://www.mayoclinic.org/healthy-lifestyle/labor-and-delivery/in-depth/vbac/art-20044869>

3. Avi Komite ACOG nimewo 697: akouchman adomisil ki planifye. *Obstet Gynecol.* Avril 2017;129:e117-e122. doi:10.1097/AOG.0000000000002024